Соколёнок

# Лачен

3/2024
май – июнь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИГО МОЦIИДАСАН ЦО НУХАЛЪ ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Баркула, КIудияб Бергьенлъиялъул байрам – 9 май!











Унсоколо районалда тIабитIараб 9 маялъул байрам.

ПатIимат ХIайдарбекова

# Баркула байрам!

Рагъул гIахьалчагIазда,
Гъазул гIагарлъиялда,
ТIолабго ВатIаналда
Баркула дица байрам.

Баркула киназдаго
Жакъа ИчIабилеб Май,
ЧIегIерав тушманасда
ТIад бергъенлъи босараб.

Къулула нужей бетIер,
БахIарчиял умумул,
ЧIухIула нужедаса
БахIарзал – ветераналъ.

ЧIаго хутIила даим
Нужер цIарги гьунарги,
Гьабулеб киналъулго
Мисаллъун рукIана нуж.

Цереса аразулги
Суратал кодор росун,
Парад гIуцIулеб буго,
ЦIар гьезул чIаго буго.



# Сверун ккураб Ленинград

Сверун ккураб Ленинград,
Бакъун холеб тIолго халкъ,
Рокъоб жаниб лъим цIорон,
ЧIункIулукIал лъугьараб.

Кутузул гьан кваналеб,
Клеялъул карщ гьабулеб,
Къадазда чIвараб обой
Къадекваний белъараб.

Кванил складал рухIараб
Рохъоги жанибе бан,
Хинаб лъадал стаканалъ
Хвалдаса хвасарлъараб.

# Хъизаналъул сон

Хъизаналъул сон баркун,
Сахлъи гьарула нужей,
Хъизаналъул сон баркун,
Рохел гьарула нужей.



Хъизамалъул талихIалъ
Дунял-гIалам къалъаги,
Къварилъабазул нухда
Сабругун къуват кьеги.

ЦIигьарурал ригьназул
Рокьул рахас тIогеги,
ЦIа бакараб гъансито
МацIил цIадалъ ссунгеги.

Рос-лъадул балаялда
Саву тIад рештIунгеги,
Балаялъул кьалбалги
Кьаву бан ракъвагеги.

Рукъ цIурал лъимал гьарун,
Гьездаса рохел щваги.
Гьезул бергьенлъабаца
Херлъи лъазе тогеги.

# Баркиял



Дирго эбел-инсуда
Хъизамалъул сон баркун,
Дица сайгъат гьабила
Гьезде бугеб дир рокьи.
Рокьул нугIзаллъун кьела
Дие щварал щуйилал,
Щибаб къоялъ росила
Сайигъатал цIикIкIине.

Дир хирияй кIодое
Хъизаналъул сон баркун,
Авар мацIалъ цIалулеб
Гьаб кечI сайгъат  гьабила.
Гьеб гIинда кIутIарабго
Гьелъул берал кенчIола,
Каранда ракI кьурдулин
Жинцагоги абула.

Дир вокьулев кIудие,
Хъизамалъул сон баркун,
Сонал халатал кьеян
Гьари-дугIа гьабила.
Гьев нижер хъизаналъул
КIудияв гIакъил вуго,
КIудияб «гамаялъул»
Капитанги гьев вуго.

Дир вацал-яцалазе
Хъизамалъул сон баркун,
Киналго лъикIалщинаб,
Бергьенлъигун гьарула.
Цоцазе кумекалъе
Кидаго аскIор чIезе,
Сахлъи щулияб кьеги,
Сонал халатал кьеги.

Хъизамалъул талихIалъ
Рохун таги киналго,
Хъизамалъул талихIалъ
Рохун таги кидаго.
Хъизам-рукъ бечелъаги
Лъималазул рикIкIеналъ.
Чиякълъиялъ бачIараб
Бихьугеги ятимлъи.

Закарияхlажи Хамагов

# Ниж бусурбанал руго

Ниж бусурбанал руго,
Аллагьасе рецц буго,
ХIабибуллагь МухIаммад –
Нижер авараг вуго.
Гьесдаса хирияв чи
БетIергьанас вижичIо
Ниж – гьитIичазул гьесде,
Даимаб свалат-салам.

Гьесул гIелму цIализе
Мадрасалде хьвадила,
ЧIахIияца малъараб
Гъираялда гьабила.
КIудияв вачIанани
Хехго тIаде рахъина,
Унтарав-загIипасе
КIвараб кумек гьабила.

Киназего рокьулел
Ниж – аваданал лъимал,
Киналниги рохизе
Нижецаги гьарила.





# ХӀалчӀахъад

Радал хехго вахъуна,
Бичасе рецц гьабула,
Как бан, дугӀа гьабула,
Бусен-къай бакӀарула.

Дарсал такрар гьарула,
Школалалде къачӀала,
Нухда берцин вилъуна,
Партал хъуб гьабуларо.

Инсуе салам кьола,
Эбелалда къвал бала,
Жакъа дида малъизе
Щиб бугебан цӀехола.

Дов лъикӀав цӀалдохъанин
Учителас веццула,
Гьедин вукӀине кколин
Кинацаго малъула.

# КӀодо, кӀуди рохизе

Дир вуго кӀудаэмен,
Дир йиго кӀудаэбел,
Гьел дие цӀакъ рокьула,
Гьезий дунги йокьула.

Дица гьезда къвал бала,
КӀаркьеналда баула,
Рукъ бакӀарун лъухьула,
Гъуд-гучӀ бацӀцӀад чурула.

Гьай дир кумекчӀужуян
КӀудаэбел йохула,
ЦӀакъай яс йигин диран
КӀудадаца абула.

ГIалихIажи МухIамадов

# Анкьракьалъул халича



АнцI-анцI расенал ругеб
Анкьракьалъул халича,
Анкьумумуз бессараб,
Наслабазе хутIараб.

Мун къеда бигъараб рукъ
Гъоболасе толаан,
Мун тIамураб чIарбида
БахIаралъ хIетI чIолаан.

Дулъ рессарал ракъищалъ
МугIрузул тарих буго,
БахIарчилъи, къохIехьей,
ХIасратаб рокьи буго.

ЦIоралъул чабхъеназда
МагIарул бахIарзазул
Чуязул кьолокь чанги
Паркъарал дур расенал.

Анкьракьалъул халича,
Дуда накаби чIварал
ЧIахIиял гIалимзаби
Лъала дир тIалъиялда.

Мун бессулел махщалил
Кверал цIакъ дагьлъун руго,
Къеда мун барал рукъзал
КъанагIалъулел руго.

Гъанже цIияб гIелалъул
ГIеладайин вуго дун
Мун бессулеб гъунарги
МацI бицунеб бичIчIиги.

# Ирсилай

## Къурбан КIулизанов

*(Дирго яс Сидратие, лъагIел тIубараб къоги баркулаго.)*

Жакъа зодил багIарбакъ,
Нур гIадин гвангъун буго.
Араб соналъ, май моцIалъ,
Мун гьаюраб къо гIадин.

Дица нахъ тараб нухлул,
Хадусей сапарулай,
Сахлъигун рохел дуе,
Дир гьитIинай ирсилай.

Дица киниде къулун,
Гьаюраб къоги баркун,
Дадал гьитIинай Сидрат,
Дуе кечI хъвалеб буго.

Гьаюраб къоялдаса,
Къанабакь тIупизегIан,
ТIадаб налъи дуцаги
Думалъго цIуне, дир яс.

Дур жеги гIумру инчIо
Аваразул мацI лъазе,
РоцIараб гьаркьидалъун
Дадайилан ахIизе.

Дур гIумруялъул зобал
Даим роцIун хутIаги.
ЦIодорал беразулъан
Дий гьимулеб нур гIадин.

Ихдалил авалалда,
Алжаналъул кьерги лъун,
ЛъагIел бараб къоялъ дуй,
Дунял гьимулеб буго.



*Художник Гаджиева Хадижа*

# «ЧIагояб классика» къецалда бергьенлъи босарал







Исанаги гIахьаллъи гьабуна МахIачхъалаялъул 8 лицеялъул цIалдохъабаз иргадулаб «ЧIагояб классика» абураб «ХIакъикъат» газеталъул вакилзаби Шамай Хъазамбиевалъ ва МухIамад Манаповас хIадурараб тадбиралда. Гьениб бергьенлъи босарал гIемер рукIана. Гьезда гьоркьоса рехсечIого гIоларо магIарул мацIалъул гьарулелщинал тадбиразда гIахьаллъи гьабулел яцал ПатIимат (3 класс) ва ГIайшат (6 класс) ГIабдулаевазул цIарал. Гьей кIиялъего щвана тIоцересел бакIал. Гьединго 3 бакI босана 3 классалъул цIалдохъан АтавхIажиева Марьям-Асиятица. Гьединал магIарул мацI бокьулел лъимал гIемерлъаги шагьаралъул школазда.







# Дир эбел



– ПатIи, заман щвана кьижизе яхине. Радал дарсал такрар гьаризе яхъине ккола, – абун ахIулеб эбелалъул гьаракь ргIана цойгидаб рокъосан. Дун ясикIаби хIалей йикIана. Расги бокьуларого тIаде яхъана, радалалде дирго тIахьалги школалде ретIунеб ретIелги хIадурана. Бусенги битIизабун егизе яхана. Гьуинаб макьица кверде йосулей йигей дида ргIулеб букIана эбелалъул гIодобе биччараб, хIеренаб гьаракь. Берда цебе бачIана дирго цодагьайги гьитIинаб заман.

Эбел. Дудаса хирияв инсан дие щивго гьечIо. Кий йигониги, киса-кибего дида цадахъ букIуна дур балагьи, дур гьаракь. Дун йохани, мунги йохула, дун къварилъани мунги къварилъула. Дие киндахъкучIдул дуца ахIана, эбел. ТIоцебе магIарул ргIи, магIарул гьаракь дудасан ргIана дида. Дун унтани, дур рекIеда гьеб лъалаан. Дуца малъана дида кIалъазе, дуца тIамуна дун тIоцересел галаби рахъизе. Кверги ккун школалде ячана. Малъана цIализе ва хъвазе.

Эбел, дуца рагьана дие берцинаб дунялалде нух. РакIалда бугищ, тIоцебесеб цIад бихьарай дун гIажаиблъун кIанцIелей йикIараб куц? ЦIадал хIоринир хIатIал кьабгIезаруна, тIираби рахъинаруна. РетIел чорок гьабуниги, гьимулаго дихъ ялагьун йикIана мун. Цодагьаб мехалъ цIадал лазат босизеги тун, биччараб гIанкIудал тIинчI гIадин, кодоеги ячун, карандеги къан, рокъое ячана дуца дун.

Дуца малъараб дица кидаго гьабизе буго, эбел. Киданиги дур ракIхвараб жо ккезе биччазе гьечIо. Алжан эбелалъул хIатIикь бугин гурищ абулеб кIодоэбелалъ?

Эбел, мун кидаго, киса-киего дида цадахъ йиго. Дие бокьун буго эбел-эменги киналго лъималазда аскIор рукIине. Хасго,цере квералги ккун дугIа гьабула Палестинаялда ругел къварилъи ккарал лъималазе. БачIунгеги лъидего пашманаб къо. Лъагеги лъималазда рагъул кьогIлъи. Рехугеги нилъер гьайбатаб дунялалде пашманаб ргIад!

Эбелалъул хIеренаб гьаракь рикIкIалъун ана... Дун кьижун ккана...

**Эльмира ЖАМАЛОВА,**
**(МахIачхъалаялъул 8 лицеялъул авар мацIалъул мугIалим.)**

*Художник Гаджиева Хадижа*

# Лъималазул асарал

## Эбел

**Хирияй, хIасратай, дир эбел,**
**ХIеренай, гьайбатай, дир тIегь,**
**Бищунго берцинай, хIалимай,**
**Балагьаздаса цIунаяй, баба.**
**Лъималаздаса йохун таги мун,**
**ГIумру халалъаги, баркала, дир баба!**

*ПатIимат Ибрагьимова*
*Ленчникент,*
*35 гимназиялъул 3 «з» классалъул*
*цIалдохъан*





## ГӀаишат Малачиева



***

Вай, гьуинай, гьуинай,
Гьуинлъи гIемер кунеи,
Гьуинлъийиилaнги ккун,
Кванан теладай наяз?
Огь, цIамхIалай, цIамхIалай,
ЦIамгIаллъиги хирияй,
ЦIамукъвачIвайилан тун,
ЧIчIикIиладай буртIаца?

# Вай, берцинаб бакъутIегь

Вай, берцинаб бакъутIегь,
БакъдебуссгIан гьайбатаб,
Гьебго гIадаб даруяб,
ГIадамазе дарманаб.
ГIурччинхералда  гьоркьор
ТIугьилал бакъул гъудрул,
ХIеренаб расул гьоркьо –
Гьороца кIкIвалелел бутIрул.
Цояз хIамагагайин,
ГIажаибаб цIар кьураб,
Цоял бакъутIегьилан
БакIаризе роргулеб.



Мун боцIуе рахьлъунги,
ЦIцIани кьаралъизеги,
БуртIазе тIагIамлъунги,
Наязе гьоцIолъунги,
БетIергьанас бижараб
Кьер меседил бакъутIегь,
Бакъалъ тIасан хинлъулеб,
ЦIадалъ кьалбал гьекъолеб!

# Хъартги чIилбикIги

(*МагIарул халкъияб маргьуялъул къучIалда хъвараб пьеса*)

**ГIахьаллъула:**

**Хъарт – квешай, вахIшияй, маргьабалъ йикIуней гIадан**

**Хан – ЧIилбикIил улкаялъул пача**

**ЧIилбикI – гьитIинав бахIарчи**

**СахIа – ЧIилбикIил эбел**

**Хъиру – ЧIилбикIил кIудияв вац**

**Чалух – ЧIилбикIил гьоркьохъев вац**

**НодобагIар – хъартил бищун кIудияй яс**

**Хъарсук – хъартил гьоркьохъей яс**

**ТIохIик – хъартил бищун гьитIинай яс**

**Нукарал – ханасул тIадкъаял тIуралел чагIи.**

*ЩвантIихалъул гьаракьалда гъоркь сценаялде дагь-дагькккун канлъи кьола. МагIарулазул росулъ ахIи-хIур, хIелказул гIегIеди, гьабзазул хIапи, боцIул гIергIеди. Мискинчиясул басрияб мина, гьелда цее кIусун ургъалилъ ЧIилбикIил эбел СахIа. ТIаде щола ЧIилбикIил кIиявго вац – Хъируги Чалухги, цо-цо бакIалда рукъалаби рарал, расриябго ратIлилъ, гъалгъаларал вехьасул тIагъралги, басриял хьиталги ретIун.*

ХЪИРУ. (*Чалухгун цадахъ эбелалда аскIове щолаго*). Эбел, щиб ккараб, щай пашманго йигей?

ЧАЛУХ. (*вацас кьураб суал рагIаниги юцIцIун чIарай эбелалъул хIалги бихьичIого*). Бицея, эбел, нижехъа бокьараб бажарула, зодиса босун цIва кьела!

(*ХIатIидаги гIицIго, вацазулго гIадаб ретIа-къаялда, тIаде вачIуна ЧIилбикI.*)

ЧIИЛБИКI. Эбел, щиб ккараб?

ХЪИРУ (*ЧIилбикIиде килищги битIун*). Гьагъав хъорсок, нацIик, щиб бажарибугев чиян кIалъалев? (*ТIадеги вахъун, гьитIинав вацасул гъварщилъ хъат бала*).

ЧАЛУХ (*хъатал дандкьабун, велъанхъулаго*). ЧIилбикI, дуда гIодизе гурони бажаруларо.



ЧIИЛБИКI. Дун гIодиро гуро, бихьинчи вуго. (*Балагьараздехунги вуссун, дегIен чIун, чанго нухалъ гирула*). Бихьулищ, лъимал! (*ЧIилбикI жойиде гьавичIого, кIудияв вацал цоцахъ ралагьун, релъанхъула*).

САХIА (*тIаде яхъун ва кIудиял вацаздехун юссун*). Дир лъимал, магIарулазул аби буго хъабчилъги вукIунин багьадурилан. Гьав нужер гьитIинав вац вуго, нужеца адаб гьабуни – гIадамазги гьабулев, нужеца гIодовегIан гьавуни – гIадамазги рикIкIунарев. Цоцалъ рекъон, берцинго рукIа, гьавги гIела кIудияв, ватила нужеда къоккаралъув...

ХЪИРУ (*довехун вуссун*). Гьав нацIик!

ЧУЛУХ (*цояб рахъалде вуссун, жирулаго*). Гьасул кумекищ?

САХIА (*ццидахун*). ГIела! ДагIбадиги тун, ишалде русса! Нилъер рокъоб бухIизе цIул гьечIо, бакизе кан гьечIо, гьагьал хьухьине хьоп гьечIо. Рекере рохьоре, гьел къотIизе а!

ЧIИЛБИКI (*бакьухъ рачлида гьитIинабго нусги бан, гъажалде кварги рехун уна*). Дун ана, эбел!

САХА. Гьав гьитIинав чиясухъа гьеб хIалтIи гьабун рагIалде бахъунаро, нужги рахъа, гьевгун цадахъ а! (*Цере-хадур гьелги уна.*)

*РукIкIине гIагарлъулеб заман. Жиндирго минаялда цее, ургъалилъ дое-гьание хьвадулей СахIа. Дагь-дагьккун канлъи ссуна.*

*БецIаб сордо. БакIарун цIулгун, гьагьал хьухьине хIадурараб хьопгун, нухъосун ккарал лъабалго вацал.*

ХЪИРУ (*ЧIилбикIида*). Вахъа, цо борхатаб гъотIоде ваха, кIкIуй-цIа бихьуларищали сверухъе валагье.

ЧАЛУХ. БитIараб.

*Рохьоб рагIулеб бацIазул руруди. ГъотIодеги вахун, Сверухъе валагьулев ЧIилбикI.*

ЧIИЛБИКI. Доле, рикIкIада цо кунчIи бихьулеб буго.

ХЪИРУ. ХIалчIахъад, мун цадахъ гьечIевани щиб нижеца гьабизе букIараб.

ЧАЛУХ. Уха.

*ЧIилбикIида хурхуна. Кодор хьопалгун, гIарщица къарал цIулал магьалги раччун, цеве ЧIилбикIги гьавун, свакайдал хIохьбахъизеги чIун, канлъи бугеб рахъалдехун рилълъуна.*

*ТIаде ккола, чIунтараб, басриял хъарщазул гьабураб минаялде. ЦIерги гьечIел гордазул, жаниб канлъиги гьечIеб рукъ.Рукъалъул къватIисеб къеда рарал гвангвараби, кIудияб, жанир лъимал тIамизе гьабураб, гьегь, гьелда тIаде рехун ретIел-хьит. Сверухъ рагIулеб рузил, гьединго мимидулеб катил, цо-цо гьоркьо-гьоркьоб гьищтIулеб, гIадамал хIинкъизарулеб, гьорол сас.*

*Минаялда цебе бакараб цIадутIа лъураб хьаг. ГъалгъалараБ, гIиялъажоялъул къвалал гьечIеб хъабарчаги, гъоркьан ретIунеб, цояб рахъалъ даларабб, цогияб тIаждада жаниб къан, басрияб ретIелги тIад ретIун, чорокаб тIажугун, – чороклъиялъ лахIчIегIерлъарал гIицIал хIатIалги цIадуда цере регьун, гIодой чIун йихьула хъарт.*

*Халатал малъал ругел чIегIерал килщал, цояб квер чIинчIуялда гъоркье биччан, тIуртIудулеб бетIер хъасулей. КIудияб, цебеса эхеде кIичIараб мегIер, гьакIкIадулелъул къватIире загьирлъулел бегIерал ва чIахIиял цаби. Киданиги цо хIалалда чIоларел, оцол гIадал чIахIиял берал. Рохъдол кьералъул, ххачIеб рас, тIад кIаз гьечIеб, гIицIаб бетIер. Надалда цебесан бухьун басрияб чIорто. Нодобухьалде тIаде даларабб кар.*

*Вацаз, рахчунги чIун, киналъулго халшал гьабула. Цин кваранаб, цин квегIаб рахъалде юссун, хъарталъ «гIугь-гIугь!» - ан гьаркьалги риччала.*

ХЪАРТ. НодобагIар, хьагиниб гьан белъун бугищали балагье. Хъарсук, хъазазул тIалаб гьабурабищ? ТIохIик, цо чияр махI чIвалеб буго, балагье сверухъ гIадан-чи вугищали. (*Лъабайго ясалъул хъартил гIадаб ретIа-къайги, чIегIерал гьурмалги*).



НОДОБАГIАР *(хьагиние яккула ва бегIераб маххул кварил гьиналъ гьан хьагиниса бахъула)*. Белъун буго.

ХЪАРСУК *(халгьабун ячIуна)*. Жидерго бакIалде руссун руго, баба.

ТIОХIИК. МахI, махI, гIадамил лъимадул! *(Свериги бахъун, чиго ватичIого, добго бакIалда гIодой чIола)*.

ХЪАРТ. Вугищ вихьуда чи?

ТIОХIИК. ГьечIо, баба!

ХЪИРУ *(хIинкъун сородулаго, гIодобиччараб гьаракьалъ)*. ЧIилбикI, рилълъа гьаниса нахъе.

ЧАЛУХ. ЧIилбикI, бацIазухъе, цихъумуралъухъе щолареб хIалалъ, цо борхатаб гъотIодеги рахун, гьелда тIад рогьина нилъеца сордо. *(ХIинкъун, гьаракьги соролаго)*. Нилъ хъарталдаги гьелъул ясаздаги рихьиларо.

ЧIИЛБИКI. ХIинкъуге, нилъ лъабасго цо сихIру ургъила.

ХЪИРУ. Мун щиб бицунев, ЧIилбикI, рилълъа нахъе.

ЧIИЛБИКI. Нилъее нахъе нух гьечIо. Гьезда тIадеги ина, лъикI кваназеги кванала, гьезухъ сордоги рогьина. Хис-хисун рорчIудаги рукIун, радал хъахIлъи балаго, хъартги тох гьаюн, рокъобе нух босила.

ХЪАРТ. ГIадамил лъимадул махI чIвалеб буго дида, щал ругел гьанир?!

НОДОБАГIАР *(гIаданго гьечIеб бакIалде килищги битIун)*. Добасан!

ХЪАРСУК. Дидаги гьеб рахъалдасан махI чIвалеб буго.

ТIОХIИК *(тIадеги яхъун, цее ячIуна, васал ругеб рахъалдехунги юссун)*. Гьале гьанисан, гьаб рахъалдасан чIвалеб буго махI!

ХЪАРТ. Щал ругел дир мина-къайи сверун?

ЧIИЛБИКI *(гIодобе биччараб гьаракь)*. Дун вуго.

ХЪАРТ. Цеве вачIа! Ниж лъикIал гIадамал руго, щибго зарал гьабизе гьечIо, гьалбал рокьула нижее.

*Цеве ЧIилбикI, хадур вацал хъарт йигеб бакIалде рачIуна.*

ЧIИЛБИКI. Гьалбал къабул гьаризе бажарулеб хIалалъ таги.

ХЪАРТ *(елъулаго)*. Гьа-гьа-гьа! Ракъунги ратила, къечонги ратила, кьижизеги бокьун батила. *(Ракьалда бегун лъураб чIалуда гIодорчIезарула)*.

ЧIИЛИБИКI. Ракъунги руго, къечонги руго, сваканги руго.

ХЪАРТ *(ясалги рихьизарулаго)*. Дир ясазул берцинлъи бихьулищ?

Гьай – НодобагIар, гьагъай – Хъарсук, дойцояй – бищун гьитIинай – ТIохIик. КIудиял махщелчагIийин дир гьал: НодобагIарица кваназе квен гьабула, Хъарсукица хъазазул тIалаб гьабула, ТIохIик хъаравуллъуда йикIуна. Нужер махIги тIоцебе гьалда чIвараб буго. Бихьулищ дир бечелъи? Лъабго яс – лъабго меседил горо! Дица нуж хъатинир гьоло гIадин хьихьила, лъабайго ясги кьела лъабасего. Бихьулищ дир талихI, лъабго дурц жалго тIаде рехун рачIана.

*Кьурдул бакъан. ТIадеги яхъун, данд хъаталги кьабун, елъанхъилаго, хъарталъ рохалилаб кьурди гьабула.*

ЧIИЛБИКI. Гьа, лъикI бугоха, хъарт, ниж рази руго. *(Вацал цоцахъ ралагьула)*.

ХЪАРТ. Гьа, НодобагIар, бахъея хьагиниса кинабго гьан, лъея васазда цебе. *(Цебе лъураб гьан, васаз хIинкъун, цоцахъе хъурщула. ЧIилбикIица кванала. Хъарт рокъое жание уна)*.

*ЧIилбикI цеве вачIуна, залалдехун вуссуна ва тIармил гьаркьихъе кечI ахIула:*

ЧIИЛБИКI. Огь, гьал руго, гьал руго,
Гьал гьарурай гьай йиго.
Гьай – НодобагIар йиго,
Дой – Хъарсук, хъорсок йиго,
Гьой – ТIохIик, тIехIай йиго.

*КечI ахIун лъугIарабго, хъарт къватIие ячIиналде, вукIарабго бакIалда вацазда аскIов гIодов чIола.*

ХЪАРТ *(къватIие лъугьунаго)*. Гьанже кванана, гьекъана, дица бусабиги хIадурана,



рахъа регизе, кьижизе. *(Ясал батIаго, васал батIаго кьижизарула, жийгоги чIарбида егула. ЛъикIаланго заман ун хадуб, гьезул хъван-хъвани бахъуна, нусги босун, хъарт къватIие ячIуна, гьелъ васал хъвезе мурадалда, нус ганчIида лъухьула, бал бегIер гьабуна).* Кьижарав щив, ворчIарав щив?!

ЧIИЛБИКI. Кьижаравги дун, ворчIаравги дун.

ХЪАРТ. Гьа, щай мун кьижуларев, ЧIилбикI? Щиб дуе къваригIараб? *(НуцIихъехунги йиссун, ццин бахъун).*

ЧIИЛБИКI. Гьадинаб мехалъ дие эбелалъ цIурахинкIал гьарулаан, гьел ракIалде щун, кIоларого вуго кьижизе.

ХЪАРТ. РагIана, гьарила! *(ЦIидасан цIаги бакун, цIетIа хьаг лъола ва ЧIилбикIида рагIулареб хIалалъ).* Чехьтурад, гьалги кванан кьижилев мун, гьеб мехалъ гьабила дица дуе гьабулеб жо! *(Цаби къерщезарула).*

ЧIИЛБИКI. Вакъун вуго! Вакъун вуго!

ХЪАРТ. Вахъа кваназе! *(цIурахинкIалги кьун, гьев кваназавула).*

*ЧIилбикI, кванан вахъарабго, кьижизе уна.*

ХЪАРТ *(къерщезарулаго цабигун, нахъойги ганчIида нусги лъухьулаго).* Цаби рукарун руго, цIияб гьан бокьун буго. *(НуцIихъа жание яккун).* Кьижарав щив, ворчIарав щив? *(Дагьабго сихIкъотIи. Цо кIанцIиги гьабун, кверал цоцада лъулъала).*

ЧIИЛБИКI. Кьижаравги дун, ворчIаравги дун!

*Сценаялда пири пирхараб хIал, цццидалаб бакъан. Цццидаца хIал хисараб хъартил гьумер, гьелъ жиндирго накаби рухула.*

ХЪАРТ. Щай кьижуларев, ЧIилбикI, кваназеги гьавуна, цоги щиб дуе къваригIараб?

ЧIИЛБИКI. Гьаб гIужалъ бахъухъ кваназабулаан дида эбелалъ, гьелде хьун лъун, макьу щоларого вуго.

ХЪАРТ *(рагIуларедухъ).* Бахъухъ, бахъухъ, дица гьабила дуе бахъухъ. *(Цццидахун, дое-гьание йилълъанхъула. Цинги кIудияб къоноги цIетIа лъун, бахъухъ гьабула ва гьеб ЧIилбикIида цебе лъола. Гьесги кванала).* Бахъухъги кванана, цIурахинкIалги кванана, гIорцIунги вуго, векере, гьанже кьижизе а.

ЧIИЛБИКI. Гьа, кванана, гIорцIана, гьанже кьижила. *(Уна.)*

*Гьоркьоб заман ингун, хъартица нахъойги ахIула:*

ХЪАРТ. Кьижарав щив, ворчIарав щив?!

ЧIИЛБИКI *(загIипабго гьаракьалъ).* Кьижаравги дун, ворчIаравги дун.

*Сценаялда добго пири пирхараб гIадаб гвангъи, рахIатхвараб бакъан. Цин бахъун, рукъалда цее дое-гьаниехун хьвадулей хъарт.*

ХЪАРТ. Я гъарин, ЧIилбикI, къадни кьижичIониги бегьилин, къасигIаги щай мун кьижуларев? Метер хурие ине хехго яхъине ккола дун, гIодовиччан кьижа.

ЧIИЛБИКI. Кин дун кьижилев, гьаб ригьалъ гIурухъа цIалкIица босун, лъим гьекъезабулаан дида эбелалъ. Гьеле гьеб гьекъечIого, бер къанщизе кIоларого вуго. БачIунаро макьу. Ахирисеб гьари тIубай. Гьеб щванани, дун кьижила.

ХЪАРТ *(гIинда нахъа кверги лъун, лъикI рагIизе бокьун).* Уйищ? Ахирисеб гьарийищ?

ЧIИЛБИКI. У, у, тIокIалъ щибго гьариларо.

*ЦIалкIуги босун, лъеда хадуй уна хъарт. Хехгьабун вацал рахъинарула, гьезул бакIалда хъартил ясал регизарула, жалгоги ясал регун рукIараб бакIалда регула.*

ХЪАРТ. Лъим гьекъон хадувги кьижичIони, дица гьабила досие гьабулеб жо. Гьадаб лъимералъ махсароде кколей гIадан гуро дун. *(Чанцулго ахIун абула):* Дун! Дун! Дун!

*Сценаялда, бокIнидеги юссун Хъартги чваххулеб лълъел гьаракьги. ТIадеги яхъун, хьуризабула цIалкIу.*

ХЪАРТ. Кколаро цIалкIица лълъим, кколаро! Щиб дица гьабилеб?!

Хъун рехила довги досул вацалги!

*БецIабго сардилъ, мурадги тIубачIого, хъарт рокъое юссуна.*

*Музыкаялъул пашманаб гьаракь. Добго хъартил рукъ. Гьаюгьинан нуцIаги рагьун, хъарт жание лъугьуна.*

ХЪАРТ. Кьижарав щив, ворчIарав щив?

*ЧIилбикI вуцIцIухIун чIола. Хъартица рохалилаб свери бахъула. Васазул бусада кьижарал жиндирго ясал хъвехъула.*

*БецIлъула. Хадуб дагь-дагьккун хъахIлъи бала. Хъарт хурие ине къачIала.*

ХЪАРТ (*кIудияй ясалъул цIарги ахIулаго*). НодобагIар, дун хурие уней йиго, дир яс, гьал лъималазул хIетIбетIерги белъун, гьебги босун, къадеялдехун дихъе хурие ячIа мун, нужгоги ракъун рукIунге.

ЧIИЛБИКI (*НодобагIарида гьаракьги релълъинабун*). ЯчIина, эбел.

ХЪАРТ. КватIуге, НодобагIар, дун балагьун чIезе йиго. (*Уна*).

ЧIИЛБИКI (*вацал рахъинарулаго*). Рахъа хехго. Рогьел рехулеб буго, хъартги хурие ана, нужги эбелалъухъе рокъоре тIадрусса, дунги ватIиларо. (*Вацал уна. цевеги вачIун, залалдехун вуссун*): Хъабчилъги ватула багьадур, гурищха лъимал!

*ЦIетIа хьагги лъун, ясазул хIетIбетIерги белъун, НодобагIарил ретIелги ретIун, ЧIилбикI, мугъалде хьагги бахинабун, хъарт араб рахъалдехун уна ва гьей йихьулеб бакIалде щваравго, лъалхъула.*

ХЪАРТ. Бакъ рагIун юхIизе гурин, гьури чIван, чIучIхIине гурин, хехго рокъое тIадюсса, дир яс!

*Хъарталда аскIове щвезе цодагьабго манзил хутIараб бакIалда хьагги лъун,*



*живго вахчизе кІолеб гІадаб бакІалдеги ун, валагьун чІола. Хъарт, хІалтІиги тун, хьагги накабазда гьоркьобе ккезабун, гІодой чІола.*

ХЪАРТ. Гьале гьаб хьагинир гьарурал цІурахинкІазеги бахъухъалъеги дуца гьабураб гьанже дица дуеги гьабила, ЧІилбикІ.

*Хъартица хьагинибе квер бегьула. НодобагІарил гІинда бан букІараб кІиликІ бахъун бачІуна. АхІдола, чІичІидула, жиндирго рас цІацІала, эхе-эхеде кІанцІола, цинги ЧІилбикІида хадуй йортула.*

*Сценаялда бакъангун жубараб гьаракь рагІула.*

ЧІИЛБИКІ. Ма, босе! *(ахІдолаго вихьулелъуса тІерхьуна. Свакарай хъартги гІодой ккола).*

ХЪАРТ. Вай, дур чехь бихъад, чоца мал бад! *(ццидаца етІарулаго рокъое нахъюссуна. Рукъалда цееги кІусун, пашманаб бакъаналъ кечІ ахІула):*

ЧІилбикІ ккveзе лъугьарай йихха-йикаяй дида

БихьичІеб жо хутІичІо, ккана балагьалъукье.

Ясазулги диргоги къали цІезабизеян

Къадеквенлъун вищарас щущазабуна гІумру.

Сверухълъиго хІинкъулей къуватай хъартидаса

ХъатгІанасев угърашил макру кутакаб ккана.

Анкьабго талихІги къун, чиякълъарай къоролай

НацІил цІурав тІохІокас хъвагІадизе тІамуна.

ЧІаяха цо, хъурумсахъ, хъарталъ гьабилин дуе

Дир ясалги нухалъун, чІаго хутІизе къасдищ?

ТІагърил къохьодагицин тІехІ барав тІохІол къакъуч,

Къисас босичІого мун гьанже дихъа ворчІилищ?!

**Пардав къала.**

*Пардав рагьарабго ЧІилбикІил добго басрияб мина, гьенир эбелги кІиявго вацги. ЧІалбикІ жаниве лъугьуна, эбелги кІиявго вацги рохун дандчІвала.*

САХІА. Дица абичІищ нужеда, лъимал, хъабчилъги ватулин багъадурилан? Гьале гьитІинав ЧІилбикІил халкъалдаго рагІарав бахІарчи вахъана. Нилъер вилаяталъул ханасухъецин щун рагІула асул гьунаралъулги, цІодорлъиялъулги, хъарт махсароде ккеялъулги хабар. *(Эбелги васалги рокъоре жанире уна. НуцІида кІутІула. НуцІа рагьидал, кІиго яргъид гІуцІарал – къолденги хвалченги тІад барал ханасул нукарзаби).*

НУКАР *(гьаракьги борхун)*. Ниж нужехъе рачІун руго хІурмат тІадегІанав ханасул буюрухъ тІубазе. Гьес нижеда тІадкъараб амруги буго: «ЧІилбикІ жиндихъе ваче» - ян.

ХЪИРУ. ГьабсагІат ахІила. *(рокъове жаниве уна. ЧІилбикІги цеве гьавун, къватІиве вачІуна).*

НУКАР *(гъоркьа тІаде щвезегІан хал-шалги гьабулаго)*. Гьавищ ЧІилбикІ? Гьав рокьобгІанасев жоясищ халкъалдаго рагІараб гьунар гьабураб?

ЧІИЛБИКІ *(гьаракьги борхун)*. Нужеда дун щивилан кколев, босе доб, гІадамал жанир тІамулеб, гьегь гьанибе! *(Нукарал тІуркІула)*. Дунго гьитІин – гьунаркІодойин дун!

ХЪИРУ. ЧІилбикІ, мун хІурмат тІадегІанав ханасул амруги тІубан, гьалгун цадахъ а, бетІерчІахъаяв ханасе мун кІодо гьавизе бокьун батила. *(Цеве ЧІилбикІги хадур нукарзабиги уна).*

*Сцена бецІлъула ва гІемер заман бачІого дагь-дагьккун канлъи кьола.*

*Ханасул чІухІараб тах. Тахида гІодов чІун хан. АскІор гьев цІунун ва гьесие хъулухъалъе тарал чагІи.*

ХАН *(гьесул гьитІинаб лагаялъул хал-шалги гьабун)*. Гьав щив нужеца дихъе вачун вачІарав? Хъартие гъураб къор гьасул гьунар батиларо?

ЧІИЛБИКІ. Дунха гьев. МагІарулаз абула хъабчилъги ватулин багъадурилан, хІурматияв хан, хвалчаца босулареб жо гІакълуялъ босула дица!

ХАН. Ватулев, ватулев. Хъабчилъги ватулев...

ЧIИЛБИКI. Щиб хIажаб бугеб, хIурмат тIадегIанав, бетIерчIахъаяв хан?

ХАН. ХIалчIахъад, ЧIилбикI, дуда лъалищ щиб дие хIажат бугебали?

ЧIИЛБИКI. Дуца бицани лъалаха, хIурматияв.

ХАН (*тахида гIодов чIаралъувго, гъира-шавкъалда бицуна*). Нусго чиясда тIад базе гIолеб цIаха рагIула хъартил, гьеб цIахаги босун мун вачIани, гьелда рекъараб кIодолъи дица дуеги гьабила.

ЧIИЛБИКI (*велъулаго*). ГьебгIан бигьалъагидиехинкIалквине,бетIерчIахъаяв хан. (*Ханги нукарзабиги цоцахъ ралагьун, тамашалъун хутIула. ЧIилбикIин абуни, гьезие цIаха босун вачIине рагIиги кьун, гьезул квералги росун, къватIиве лъугьуна. Нухда унаго, кечIги ахIула*):

Хъартил цIаха рагIула
Нусго чиясда балеб,
НодобагIар, Хъарсукги
ТIохIикги тIад регараб.

Хъартил цIаха рагIула
Ханасул рокьи ккараб,
РагIияталъе гIолеб,
ГIажаибго кIудияб.

Хъартил цIаха рагIула
ГIажаибаб, хIикматаб –
Гьеб дихъе щун хадуса
Бихьила нужедаги.

*Сардилъ, таргьа рехараб тIилги гъажалда чIван, хечги босун, хъартил миналда аскIове щола.*

*Хъартил мина-свериялда рузил, катил, хIинкъи загьир гьабулел, цогидалги бакъналгун гьаркьал. ЧIилбикI хъарт егараб рукъалъул тIохде вахуна, цIахаялда егарай хъартида хеч хIунсула.*

ХЪАРТ (*ццидахун*). ЦIахаги квешезе чIун буго дие ясал хвараладаса.

Гьалда ругел чIутIбузул гIемерлъиго щиб!



ЧӀИЛБИКӀ. Ма, ма! *(тӀатӀала хӀунсула).*

ХЪАРТ *(ццин бахъун, ахӀдола).* БичасхӀа, бетӀергьанчихвад, ахӀанже къватӀиб речӀчӀила дица мун!

ЧӀИЛБИКӀ *(хӀунсулаго, велъула).* Ма, босе! Ма, босе!

ХЪАРТ. Мун чӀутӀбуца кванаяб, ицица хӀулад, хӀамида тӀенкеллъун базе хъван батад, тӀокӀалъ дир къавуда батугеяб! *(ЦӀаха къватӀибе хьуризабула).*

*Ццин чучарай хъарт цӀаха жанибе босизеян къватӀие яхъуна. ЦӀаха батуларо. Мугъалда гьебги бан, лъутун унев ЧӀилбикӀ вихьула. Кепаб бакъан. Лъутулев ЧӀилбикӀ, хадуй лъугьун хъарт. ЧӀилбикӀ сверудаса тӀерхьун уна, хъарт ракӀбакъван нахъюссуна.*

*Пашманаб бакъаналда гъоркь Хъартица магӀу ахӀула:*

Гьанжеги махсароде ккуна гьав угърашица,

Унго, бетӀер багьундай гӀабдалалъул букӀана?

Гьале, чамали соналъ дир хьолбохъа камичӀеб,

Бикъун цӀахагун, цӀогьор лъутун, ворчӀизе тана.

Вай, дур бетӀер борлъаяй, гӀакълу лъугӀарай лъавукъ,

ТӀохол къайгӀанцин гьечӀев ЧӀилбикӀица гуккана.

ЧӀарбиде бортун аяб гӀадалаб дир гвангвара,

ГӀаданлъунго вихьичӀев васас гъоркье рехана.

Вай, дур кьибилалъулго кьичӀи бухӀаяй, ахӀмакъ,

БухӀулеб буго керен, къиссас боссе щолареб.

Кьурун бетӀерги буссун, гӀакълу босаяй, хӀайван,

ХӀал дагьлъанин гьанже дир, дарман кинаб батилеб?

*Сцена дагь-дагьккун бецӀлъула. Цодагьаб заманалдасан канлъи кьола. Ханасул рокъор рихьула.*

ЧӀИЛБИКӀ *(цӀахаги ханасда цебе рехун).* Ма, хӀурмат тӀадегӀанав, босе!

ХАН. Гьаб бикъизе кӀварав дуда щибго гьабизе кӀвела. Гьейго хъартил нусго чиясе квен гьабизе гӀолеб цо хьаг рагӀула, цӀахаялда аскӀоб дир рагъухъабазе цӀакъ рекъелаан гьеб, гьебги бикъун вачӀине щай унарев?

*КечӀги ахӀулаго, ЧӀилбикӀ уна:*

Хьагги рагӀула долъул
Бицун чи божулареб,
Бодуе квен гьабизе
Ханасе цӀакъ хӀажатаб.

Унго, хераб гвангвара,
Хьагги бикъун, кин телей,
Хьагинив дун рехизе
Мурадалда йикӀарай?

Ма, босеян рехила,
Ханасул азбаралде,
Ца бихьун гьимила гьев,
Гьале багьадурилан.

*Иргадулаб нухалъ канлъи ссуна. Канлъи кьурабго бихьула Хъартил добго мина-рукъ, долго гьаркьал.*

*ТӀалайдухъа гъоркье ЧӀилбикӀица ганчӀал речӀчӀула. ТӀирабаз махӀаби рухӀун, хъарталъ ахӀи бахъинабула. Цоцада хадур речӀчӀарал ганчӀаз тӀираби цӀикӀкӀуна, гьел чехьалда, махӀабазда щвараб мехалъ, хъартил ццин гьалаглъула.*

ХЪАРТ *(кутакалда ццидахун).* БичасхӀа, хадубквад, ахӀанже къватӀиб речӀчӀила дица мун! Ясал хвараралдаса хьагги дида данде багъун буго! *(Дагьай хъарт тохлъарайго ЧӀилбикӀица таргьаго чӀехьола хьаганибе. ХутӀарайги гьалаглъун, хъарталъ хьаг къватӀибе рехун бачӀуна. ГӀодое юссиндал яхъуна къватӀие, амма гьелда хьаг батуларо. Мугъзаде хьагги рехун, тӀерхьун унев ЧӀилбикӀ вихьула).*

*Кепаб бакъан. Лъутулев ЧӀилбикӀ, хадуй лъугьун хъарт. Гьев вихьудаса тӀерхьуна, хъарт пашманго рокъое*



*тIадюссуна. Додинго, рукъалда цееги кIусун, пашманаб бакъаналда хъарталъ кечI ахIула:*

Дур кверал ракъваяв, къокъав багьадур,
Квен гьабулеб хъазан ун буго хъамун.
Хъубаб чехь бихъаяв, хъабчилъ бахIарчи,
Чиякълъизабуна гьаб дир богорукъ.

ЧанцIул гуккарай дун гьаб чIиникIвекьалъ,
Кьвагьулей дунги тун, цевесаги хьван?!
Чанабилеб нухалъ рехарай гъоркье,
Вихьудаса тIерхьун, вахчизеги лъан.

Гьанжеса мун тани, дун гIадан гуро,
ГIамал гьабе, нацIик, мунго цIунизе.
ЧIаго мун тун хадуй дун хъартай гуро,
Чарухъал хIадуре дихъа тIуризе.

*Сценаялда канлъи ссуна. Канлъи къурабго ханасул рукъ бихьула.*

ЧIИЛБИКI. Ма, хIурматияв, цоги тIадкъай бугищ?

ХАН. Гьейго хъартил лълъурдул меседилаб цо цIцIе рагIула, сахI рахьдал – радалиса, сахI – бакъанида кьолеб. Гьеб цIцIеги бикъун вачIа. Гьелдаса хадув дица мун цIакъ кIодо гьавила.

*Гьеб цIцIеги бачун вачIине нухда унаго, ЧIилбикIица кечI ахIула:*

Хъартил рагIула цо цIцIе,
КIиго сахI рахьдал кьолеб,
Лълъурдулги меседилаб,
Бицун чи божулареб.

Гьеб цIцIе рагIула, лъимал,
Ханасе цIакъ хIажалъун,

Рахь жиндир нахул цIураб,
Дарманлъун жиб рикIкIунеб.

Гьекъарав чи сахлъулеб,
Сахалги чIаголъулеб,
ГьоцIогIан жиб гьуинаб,
Гьарарасе щолареб.

*Сценаялда канлъи ссуна ва дагьдагьккун канлъи кьурабго вихьула хъартил рукъалда аскIове щварав ЧIилбикI. Добго хъарталъул къайи-свери, бокьалъул тIохдеги вахун, цIцIеда хеч хIунсула, цIцIе меэдула.*

ХЪАРТ. Сундаса бохараб, къулгьудехъуд, дир ясал хваралдаса нахъе меэди гIемерлъун буго дурги. (*ЧIилбикIица жеги хIунсула, цIцIе меэдула, кIанцIола*).

ХЪАРТ. БичасхIа, хъурмицачIвад, лълъурдулги ккун къватIиб речIчIила дица мун, кьижизего теларищ дуца дун?! (*ЯчIун, цIцIе къватIибе рехула*).

*Ццин чучараб мехалъ къватIие яккарай хъартида цIцIе батуларо. Балагьидал, вихьула горбоде рехун цIцIегун, лъутун унев ЧIилбикI. Хадуй лъугьуней хъарт, тIурулев ЧIилбикI, вихьудаса тIерхьуна. Пашманго кечIги ахIулаго, хъартги нахъюссуна:*

Ясахъ магIу тIолей дун гъарималъул
Ругънаде цIам щвана, цIцIеги бикъун ун.
Къваридго хутIарай дун пуланалда
Гъабгийищ букIараб, бихьизе хутIун.

Гъанжесаги ана, ургъимесбахъад,
Бикъун дир рагьдаса бокьулеб цIцIегун.
Жакъаги ворчIана гьав къайибухIад,
Гьан турарай хъартай хъвагIдолейги тун.
Лъиде гIарз бахъилеб гIадалнах гьечIелъ,
Гьав цо габурбекил гудракье ккунин.
ХIукму кинаб бугеб керентурадий,



ТIохIол чIинтIархьуца гуккизе чIунин.

*Канлъи ссуна. Канлъи кьурабго ханасул рукъ бихьула.*

ЧIИЛБИКI. Ма, босе, хIурматияв, дунги свакана, тIокIалъ дие тIадкъайги кьоге.

ХАН. Дуца ракIбацIцIадго дир тIадкъаял тIуразаруна, дида ракIалда буго мун хъулухъалда тезе. Гьединав бахIарчи къваригIун вукIана дие. Амма цо ахирисебги дир амру тIубазабичIого хъулухъалде восизе данде кколаро.

ЧIИЛБИКI. Щиб амру?

ХАН. Хъартго-хъартилан рагIула дида, эйго кинай жо йикIунеяли лъазе бокьун буго, чара-гIамал гьечIо, дида аскIое гьей щвезайичIого. Гьеб гьунарги гьабун мун нахъвуссани, дирго ясги кьун, кинабго улкаялъул ихтиярги кьун, дидаго хьолбохъ чIезавила.

ЧIИЛБИКI. Инаро. Дида чIалгIана.

*Ханасда сверун ругел тIаде рортула: «Кин дуда кIолеб пачаясул амру нахъчIвазе» – ян гаргадула. Цояс довасан тункула, цогияз гьанисан кьабула, пачаясеги гьесул ясалъе гIологи нусцIул хвеларищин гаргадула. Кинниги мукIур гьавула.*

*Канлъи ссуна. Канлъи кьурабго вихьула квасквасул мегежги лъун, ретIун херасул ретIелгун, гIунтIун гIансагун унев къуларав гьардухъанасда релълъарав ЧIилбикI, хъартил минаялда аскIовеги щун, кечI ахIулев:*

Улкаялда машгьурав
Ханасул яс рагIула,
Халкъалдаго рагIарав
ЧIилбикIие кьезехъин.

ЙикIина дирги бика,
Жеги гьумер бихьичIей,
ШагьримоцIалъ кинигин
БецIаб сардилъ нур барай.

Гьабила, лъимал, бертин
Халкъалдаго рагIараб.
РагIанщинас бицина
БахIарчиясул хабар.

ХЪАРТ *(жиндирго рокъой, гIодулаго)*. НодобагIар, Хъарсук, ТIохIик, щай нужеца дун рехун тарай, дир меседил гарал?

ЧIИЛБИКI *(нуцIихъги чIун)*. Дагьаб чед кье, кири букIина.

*Хъарт къватIие ячIуна. Дагьай щаклъарай гIадин лъугьун, халгьабун, ялагьун чIола.*

ХЪАРТ. ЧIилбикIгIаги гуревищ мун, ракIалъ бицунеб бугин мун лъикIлъиялъе вачIарав чи гуревлъи?

ЧIИЛБИКI *(накаби рухулаго, гIодулеб ххвел гьабулаго)*. ЧIегIераб къо чIаги ЧIилбикIидаги гьесул рижун-рижиялдаги, гьев сабаблъун гурищ дида гьаб къо бихьун бугеб! Дир эменги чIвана гьес, эбелги чIвана, кинабго боцIудаса махIрумги гьавуна, дунги гьардухъ тIамун, гьаб хIалалде ккезавуна.

ХЪАРТ *(гIодулаго)*. Дир лъабайго ясалъ дуниял тана гьев сабаблъун. ЦIаха, хьаг, цо букIараб цIцIе бикъана гьес. Гьев нацIгIанасев жояс кинабгоги батIа гьабун тана дунги. *(Херасе садакъа кьолаго)*. Ханжу базе цагъур къваригIун буго дие, гьеб гьабизе махщел рекъоларищ дур?

ЧIИЛБИКI *(вохун)*. Щай рекъолареб, цIакъ рекъола. Гьеб гьабулев кивниги ватуларо дидаса лъикIав устар. *(Хъарталъ хъарщи, магIал, квартIа ЧIилбикIихъе кьола. Гьев цагъур гьабизе лъугьуна)*.

ХЪАРТ. Бихх-биххун, щущан, рахъ-рахъалде унеб гуреб, щулияб, кIудияб цагъур гьабе дуца дие.

*Цагъур гьабун лъугIарабго, хъарт жание кIанцIула, хъегIула,*

*Багъаризабула.*

ЧIИЛБИКI. Рекъон букIунищали бихьизе тIалъел къалищ?

ХЪАРТ. Къай, къай!

ЧIИЛБИКI *(къалаго)*. КIулалги ралищ?

ХЪАРТ. Рай!

ЧIИЛБИКI *(кIулал ралаго, велъанхъула)*. Хъарт, ЧIилбикI вуго дун!

ХЪАРТ *(гІергІедула, хъегІдула)*. Мун тІагІаяв, ракьулъе тІерхьад!

ЧІИЛБИКІ. ГІемер етІаруге, меседу, дурго берцинлъи хвезе гурин. Пача рекъонгутІизе гурин дуда, довни духъ рокьи ккун холев вугин. *(Баччун цагъургун ЧІилбикІ уна)*.

*Канлъи ссуна. Канлъи кьурабго, пачаясул манаялъул азбар, гІадамазул ахІи-хІур. Пачаясда цебе цагъур, гьелда жанисан ахІдолей хъартги. ЧІилбикІ, кІиго таргьа ракьулги цІун.*

ХАН (*нукарзабаздехун*). Рагье цагъур!

*КъватІие кІанцІун ячІуна ццидахай хъарт. АскІов вукІарав пачаги гьесул нукарзабиги ва цоги сверухъ рукІаралги гьелъ кІкІун ралагьизарула. ЧІилбикІ валагьизе лъугьана. Дое-гъое балагьун халгьабула. Вихьула гъотІодеги вахун, кІиго цІураб таргьаги аскІор ругел гІаркьалазда дализарун. Ххарун гъотІодегун, гьев цІазе лъугьуна. ЧІилбикІица цо-цоккун рехун биччала кІиябго таргьа. Сценаялда кьвагьи бахъараб гІадаб гьаракь рагІула. Чохьолъ таргьаги щун, чехьги бихъун, хола хъарт. ГІегІедулел хІелказул, хІапдолел гьабзазул гьаркьал, гІадамазул ахІи-хІур. Хъартица кванщинав къватІиве вачІуна. ГІицІго ханасул яс хутІун йикІуна.*

ХАН (*сверухъе валагьулаго*). Дир яс кий йигей? Хъартил чохьонийго хутІарай къагІида. *(ЧІилбикІица ссун рехула хъартил рохкилищ, гьенисан къватІие кІанцІун ячІуна ханасул яс)*.

*Рохалилаб бакъан, зурмил къвакъвади, къолол зваргъи. ЧІилбикІие ханасул яс ячунеб бертадул горсвери.*

ЧІИЛБИКІ. РагІа, лъимал, нижер берталъе!



# Буйнакск шагьаралъул библиотекаялда тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъарал библиотекаялъул хIалтIухъабиги, учительзабиги, цIалдохъабиги, гьезул улбулги, хъвадарухъабиги.





















Гьебго библиотекаялда бугеб музеялда.

Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

3/2024

**май – июнь**

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. Магомедов
К. Магомедов
А. Малачиева **(редактор выпуска)**
М. Абдулхалимов
З. Омарова
С. Магомедова
У. Салихова

**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов

**На фото обложки –** село Гилиб в Чародинском районе РД, автор – Тамара Абдурахманова

Формат 60x84 $^1/_8$. Бумага офсетная.
Уч.-изд. л.3,16. Усл. печ. л. 3,26.
Физ. печ. л. 3,50.
Подписано в печать 05.06.2024 г.
Выход в свет 15.06.2024 г.
Тираж 592 экз. Заказ №407.

**Типография:**
ООО «Агентство «Кавказинтерпресс»».
**Адрес типографии:**
355002, Ставропольский край, г. Ставрополь, ул. Лермонтова 191 Б.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан».
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.